

AVI ABSANS REPREZAY (ABSANS REVANJ)

Atik 504 Lwa Reyabilitasyon 1973 la (Atik 504) ak Tit 2 Lwa 1990 Ameriken ki gen Andikap yo (Tit 2) se yon lwa federal ki pwoteje endividi yo (chak grenn moun) kont diskriminasyon ki baze sou andikap yo a. Lynn Public Schools (Lekòl Piblik Lynn yo) entèdi diskriminasyon ki baze sou andikap nan pwogram li yo ak aktivite li yo. Atik 504 ak Tit 2 entèdi òganizasyon ak patwon ki resevwa finansman gouvènman an pou yo fè esklizyon oswa refize endividi ki gen andikap yo yon opòtinite egal pou yo resevwa avantaj ak sèvis pwogram yo. Lynn Public Schools ap bay elèv ki kalifye yo aranjman ki rezonab an konfòmite avèk Atik 504. Lekòl Piblik Lynn yo entèdi reprezay (revanj) kont kèlkeswa moun ki revandike dwa yo an konfòmite avèk Atik 504 oswa Tit 2 oswa ki depoze yon plent, temwaye, ede, oswa patisipe nan yon ankèt oswa yon pwosedi an konfòmite avèk Atik 504 oswa Tit 2.

Yo deziyen (chwazi) moun nou pral di la a yo pou yo bay plis enfòmasyon oswa pou yo trete plent diskriminasyon ki baze sou andikap oswa plent reprezay yo fè sou yon moun, an konfòmite avèk Atik 504 oswa Tit 2.

Charlie Gallo, li responsab Kònfòmite Atik 504 pou Lynn Public Schools. Kòm Koòdonatris 504 Distri a, li pral mennen ankèt sou tout plent. Si w ta gen kèlkeswa kesyon oswa ou ta vle depoze yon plent, ou kapab kontakte li nan 781-477-7220 e xt. 3177 oswa lè ou ekri li nan 100 Bennett Street, Lynn, Massachusetts 01902; Imel galloc@lynnschools.org.

Dahlia Gonzalez, Koòdonatè 504 Classical High School. Ou ka kontakte li nan 781-477-7404 oswa lè ou ekri li nan 235 O'Callaghan Way, Lynn, Massachusetts 01905; Imel gonzalezd@lynnschool.org.

Federal Department of Education's Office for Civil Rights, Boston Office, U.S. Department of Education (Biwo pou Dwa Sivil Depatman Edikasyon Federal, Biwo Boston, Depatman Edikasyon Etazini), 8th floor, 5 Post Office Square, Boston, MA 02109-33921; 617-289-0111; FAKS: 617-289-0150; TDD: 877-521-2172; Imel: OCR.Boston@ed.gov.